

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 4yèm Ane

“Valè sou Pozisyon Chif, Adisyon, ak Soustraksyon”

Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon nouvo inite etid nan matematik yo rele Valè sou Pozisyon Chif, Adisyon, ak Soustraksyon. Pandan inite etid sa elèv pral travay avèk chif soti nan zewo rive jiska 1,000,000. Elèv pral konpare nonb kote yo pral itilize senbòl $>$, $=$, ak $<$, awondi nonb, epi itilize fòm devlope pou reprezante chif. Elèv pral rezoud pwoblèm sou adisyon ak soustraksyon nan entèval 1,000,000 kote yo pral itilize estrateji efikas, enkli algoritm Lèzetazini. Objektif la se ke elèv la pral fè kalkil yo avèk fasilite. Sa vle di ke travay elèv yo pral ekzat, efikas, e fleksib. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp sou travay elèv ki montre konpreyansyon chak objektif enstriktif sayo.

Objektif Enstriktif: Konprann valè sou pozisyon chif jiska 1,000,000 e li, ekri, konpare, epi awondi nonb.	
Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Itilize $>$, $=$, oswa $<$ pou konpare 369,848 ak 368,927.	<div style="text-align: center;"><div style="border: 1px solid black; padding: 10px; width: fit-content; margin: 0 auto;">$369,848 > 368,927$</div> <div style="display: flex; justify-content: space-around; align-items: center;"><div style="text-align: center;">$369,848$ --- ↓ 9,000</div><div style="text-align: center;">$368,927$ --- ↓ 8,000</div></div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 20px; width: fit-content; margin: 0 auto;"><p><i>“toulède nonb yo genyen 6 chif. Chif yo ki nan plas san milyèm ak di milyèm yo menm jan pou toulède nonb yo. Mwen te gade chif nan plas milyèm nan nonb 369,848 se 9,000. Valè pozisyon 8 nan plas milyèm nan nonb 368,927 se 8,000. 9,000 pliske 8,000. Ebyen, 369,848 pliske 368,927.”</i></p></div></div>

Objektif enstriktif: fasilman adisyone e soustrè nonb nan entèval 1,000,000 kote yo pral itilize estrateji efikas enkli algoritm estanda Lèzetazini, epi kapab adisyone e soustrè nonb pou rezoud pwoblèm.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv	
<p>Sun City Stadium te vann tikè pou 2 match bezbòl. 32,128 tikè te vann vandredi. 28,594 tikè te vann samdi. Konbyen tikè ki te vann an total nan vandredi ak samdi?</p>	<p style="text-align: center;"><u>Separe Nonb Yo</u></p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 0 auto;">32,128 + 28,594</div> $32,128 + 20,000 = 52,128$ $52,128 + 8,500 = 60,628$ $60,628 + 90 = 60,718$ $60,718 + 4 = 60,722$ <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>"Mwen separe 28,594 an 20,000, 8,500, 90, ak 4. premyèman, mwen ajoute 32,128 + 20,000 epi mwen jwenn 52,128. Mwen kontinye ajoute chak pati yo epi mwen jwenn yon total 60,722. Donk, 32,128 + 28,594 = 60,722"</p> </div>	
	<p style="text-align: center;"><u>Adisyone pa Valè Plas chif yo</u></p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 0 auto;">32,128 + 28,594</div> $\begin{array}{r} 8 + 4 = 12 \\ 20 + 90 = +110 \\ 100 + 500 = +600 \\ 2,000 + 8,000 = +10,000 \\ 30,000 + 20,000 = +50,000 \\ \hline 32,128 + 28,594 = 60,722 \end{array}$ <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;">60,722 total tickets were sold.</div>	<p style="text-align: center;"><u>algoritm Estanda Lèzetazini</u></p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 0 auto;">32,128 + 28,594</div> $\begin{array}{r} 32,128 \\ + 28,594 \\ \hline 60,722 \end{array}$ <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;">60,722 total tickets were sold.</div>
<p>Fanmi Hall ap kondui soti Naples, FL pou ale Rochester, NY. Distan ant de vil sa yo se 1,443 mil. Nan lendi, fanmi an te kondui 798 mil. Konbyen mil yo rete pou kondui pou yo rive Rochester, NY?</p>	<p style="text-align: center;"><u>Chanje Nonb yo pou Kreye yon Pwoblèm ki pi Fasil</u></p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 0 auto;">1443 - 798</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;">They need to drive 645 miles.</div> $\begin{array}{r} 1443 \\ - 800 \\ \hline 643 \end{array} \quad \begin{array}{r} 798 \times 2 \\ 1586 \end{array}$ $643 + 2 = 645$ <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin: 10px auto;"> <p>"Mwen te gade chif ki nan pwoblèm nan epi mwen reyalize ke lè nou chanje 798 pou 800 mwen kapab kreye yon pwoblèm ki pi fasil. Diferans ki genyen ant 1,443 ak 800 se 643. Piske diferans ant 1,443 ak 800 se 2 mwens diferans aktyèl ant 1,443 ak 798, mwen bezwen ajoute 2 sou 643 pou jwenn repons la."</p> </div>	
	<p style="text-align: center;"><u>Itilize Operasyon Ranvèsè</u></p> $798 + \square = 1,443$ <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;">They need to drive 645 miles.</div> $443 + 200 + 2 = 645$	<p style="text-align: center;"><u>Algoritm Estanda Lèzetazini</u></p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 0 auto;">1443 - 798</div> $\begin{array}{r} 1443 \\ - 798 \\ \hline 645 \end{array}$ <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; width: fit-content; margin: 10px auto;">They need to drive 645 miles.</div>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Rekonèt modèl ak relasyon epi kapab itilize yo pou rezoud pwoblèm.



Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Chèche epi itilize estrateji ki kapab toujou mache.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan inite etid sa:

- **Pale Sou Estrateji**

Travay avèk elèv ou pou pratike diferan estrateji sou adisyon ak soustraksyon. Fè elèv ou eksplike travay ke y ap fè. Mande yo poukisa yo te chwazi estrateji sa an patikilye. Objektif la se pou elèv itilize estrateji ekzat e efikas ki ajiste a chif nan pwoblèm lan.

- **Kolekte 1,000**

Ou menm avèk elèv ou ansanm kapab kolekte 1,000 nan menm ti objè pou wè ki koleksyon ekzatemman 1,000 objè sanble (tankou ti wòch, etikèt pou pwodui, bouchon gallon lèt, oswa baton krèm alaglas). Anvan ou kòmanse, fè elèv ou estime konbyen tan l panse sa pral pran pou kolekte 1,000 objè epi konbyen chanm li pral bezwen pou tout objè sayo. Toutan koleksyon yo ap ogmante, fè elèv ou ajiste estimasyon li, konsidere konbyen tan li te pran pou fè sa oswa konbyen chanm li pral bezwen pou mete plizyè santèn objè. Detanzantan, ou menm avèk elèv ou kapab reyalize konbyen objè ou pral genyen pou kolekte ankò. Mande l pou sigjere mwayen pou aranje objè yo yon fason li kapab fasilman kontwole konbyen nan yo ki la.

- **Matematik ak Literati**

Men kèk liv sou timoun ak ide ki genyen rapò avèk travay ou nan inite etid sou matematik sa.

Chèche yo nan bibliyotèk piblik lokal ou epi li yo ansanm.

[A Million Fish . . . More or Less](#) by Patricia McKissack

[How Much is a Million](#) by David Schwartz

[On Beyond a Million: An Amazing Math Journey](#) by David Schwartz

[Can You Count to a Googol?](#) by Robert Wells